ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№120 (24.090) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Псори зыгъэпІейтей Іуэхум топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек фокІадэм и 30-м Правительствэм и Унэм щыгъэкІащ КЪР-м Наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ и комиссэм и зэІущІэр.

АБы ХЭТАЩ КЪР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Т. Б.**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков А. Т.**, къалэхэм, щІыналъэхэм я администрацэхэм, хабзэхъумэ, къарузехьэ Іэнатіэхэм я Іэтащхьэкэр.

ЗэІущІэм щыхэплъащ афинянхэІхэм япэщІэтыным хуэгъэзэуэ щІыналъэм щыгъэфІагъэкІхэм, хабзэр къыдэпаудырэ а щхъухьыр тутнакъэщхэм щыщызэрагъэкІуэкІ къызэрыхьым.

Апхуэдэуи зэпкърахащ наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ муниципальнэ щІыналъэхэм щыІэ комиссэхэм афинянхэкІэхэм щыІуэр димыхьэхыным, а щхъухьыр щІыпІэхэм щемыгъэщэным хуэгъэзэуэ зэфІагъэкІхэр, наркотикхэмебэныжьмкІэ щІыпІэхэм къыщащта программэхэм къыщыгъэлъэгъуэкІэр щІыналъэхэм щыгъэззэщІынэм ипкъ иткІэ 2020 гъэм и мазийм зрагъэхъулІахэр.

КЪР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ органхэр дэтхэнэ жылагъуэми Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщыщытыр, сыту жыІэмэ, абыхэм я лэжьыгъэр теухуащ республикэм и цІыхубэр зыхуей-зыхуэныкъуэ Іуэхуэр зэфІэгъэкІыным. Афинянхэм, цІыхуэм и псалъэм ещхьу я нэгъуэщІ щхъухьэр щІыналъэм щыізэрагъэкІуэкІыным пэщІэтын Іуэхуэхэмкіи абыхэм я пщэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн щхьэхуэхэр къыдохуэ.

Езыхэм я лэжьыгъэр апхуэдэу зэтеуухащи, наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ муниципальнэ комиссэхэр нэхъ япэгъунэгъущ щІыху щхьэхуэхэм, ахэр зыІууэ гугъуехьэхэм фІыуэ щыгъуазэщ. Абы къыхэкІыу щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ органхэм зэпымыууэ ирагъэкІуэкІын хуейщ профилактикэ лэжьыгъэхэр, щІыналъэм щыщ щІыхухэу афияным итхьэжьуаэхэм зыщІагъэкъуапхъэщ а узыфэм и къапхъэным ихуаэкр абы къыІущІагъэкІыным хуэунэтІауэ.

КІуэкІуэ К. В. апхуэдэуи къыхигъэщащ уголовнэ-гъэззэщІакІуэ Іуэхущ щІыпІэхэр зыкІэлъыплъ щІыхухэр гъащІэм хэзэгъэжьынмкІэ ядэІэпыкъунми мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абыхэм аргуэру хабзэншагъэ ямылэжьын папщІэ, къимыдэкІэ, Іэнатіэ къагъуэтынымкІи защІэгъэкъуэн хуейщ.

ЩхьэхуэУ и гугъу ящІащ афиян зыхэлъ, езыр-езыру къэкІ удзыжьхэм зэщІащта щІыпІэхэм ахэр игъэкъэбзыкІыным хуэунэтІа лэжьыгъэри зэрыщІэгъэхуэфащэхьэм.

ЗэІущІэр зытеухуауэ щыта Іуэхуэр зэпкърахыу къэпсэлъащ Тезырхэр егъэпшынныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ **Лыхъ А. Ч.**, Аруан, Прохладнэ, Шэрдэж муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэу **Ажий В. Хь.**, **Журавлёв А. И.**, **Муртазов Б. С**. сымэ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр республикэм и муниципалитетхэм я унафэщІхэм яІуощІэ

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету жэпуэгъуэм и 1-м иригъэкІуэкІащ КЪР-м и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪР-м и Премьер-министр Мусуков А. Т., КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуныжь М. А., республикэм ухуэныгъэмрэ псэуІпІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь., КЪР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дышэкі А. З.

ЗЭІУЩІЭМ зышытепсэлъыхьахэм ящыщу щІыпІэхэр гъэкъэбзэнымрэ цІыху зэхуэсыпІэхэр мардэм къитІасу зехьэныкъэ, «Псы къабзэ» къэрал проектыр къыдэлажьэ цІыхуэр псыкІэ къызэгъэпщынным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр, кІэрыхуэбжьэрыху быдэхэм ятеухуауэ щыІэ законкэр гъэззэщІэныр, «Экологистика» ООО-м и щІыналъэ Іуэхущ-ІапІэм и къалэнхэр зэригъэзащІэр.

Щ Іыналъэ, муниципальнэ гъуэгухэр, апхуэдэуи цІыху зэхуэсыпІэхэр тэмэму зехьэныкъэ я гугъу ящищым, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ ахэр псоми я зэхуэдэ Іуэхуэ зэрыщыгъуэр. «Дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризм Іэнатіэм зыщедгъэужьыну дыщыхьекІІэ, а Іуэхум дыщытепсэлъыхькІэ, гулъытэ хэха хуэщІыпхъэщ республикэм и къабзагъэм. ИхъуреягъкІэ къабзагъэ, зэІуэпэщагъэ щилъагъумэ, цІыхуэри а фІыгъуэм хуосакъ, тэмэму хущытщ», - къыхигъэщащ КЪР-м и Іэтащхьэм.

КЪР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дышэкі А. З. зэрыжиІамкІэ, нэхъ зытегъэзыжьыкІэ щІыщащ республикэм кІуэцІрыкІ гъущІ гъуэгуэм я Іуфэхэм я щытыкІэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым псоми къагъэсэбэп гъущІ гъуэгуу километри 133-рэ кІуэцІрокІ. А Іуэхум пебдзых хъунукъым Налшык аэропортым къедза щІыпІэр зыхуей хуэзэу зехьэнри. Гулъытэ хэха хуащІащ автомобиль гъуэгу Іуфэхэм удзыжьхэр щыпщІыкІ, кІэрыхуфбжьэрыху зэмылІэужьыгъуэхэр щызэщІэкъэн зэрыхуейми, хуит ямыщІауэ пхъэнкІийхэр щракІуэта щыпІэхэр гъэкъэбзэжьынми.

КІуэкІуэ К. В. кІэлъыплъыныгъэ щхьэхуэм щІигъэуващ «Экологистика» ООО-м и щІыналъэ операторым и лэжьыгъэр.

ЗэІущІэм апхуэдэу гулъытэ щыхуащІащ «Псы къабзэ» къэрал проектыр гъэззэщІа зэрыхъум. Къэбэрдей-Балъкъэрым 2019 - 2024 гъэхэм а лэжьыгъэм трагъэкІуэдэну псори зэхэту кьыхуаутІыпщынрэ сом мелуан 303,01-рэ мэхъу.

2019 гъэм объектитІ яухауащ, сом мелуанищым щІигъу текІуадэу - Прохладнэ щІыналъэм хыхьэ Дальнее жылэм псы кІуапІэ километр 1,86-рэ, Тэрч щІыналъэм щыщ Белоглинскэ хъуажэм бжьамий километри 4,9-рэ щыдальхьащ. 2020 гъэм мыльку хухахащ жьлхэкр псыкІэ къызэгъэпэщынным хуэщІа объект 32-рэ ухуэным, абы псори зэхэту сом мелуани 160,34-рэ хуоз.

Зытепсэлъыхь Іуэхуэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуныжь М. А., КЪР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дышэкі А. З., «Экологистика» ООО-м и генеральнэ директор Джэдгъавэ З. Къ.

Республикэм и Унафэщым зыхуэфащэ Іэнатіэхэм къалэн ящищІащ 2020 гъэм зэфІагъэкІыну яубзыхуахэр зрагъэхъулІэнкр къызэрагъэпэщыну, лэжьыгъэм я фІагъыпмэ пІалъэмрэ зыхуэдэри кІэлъыплъыныгъэ ткІийм щІагъэтыну.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщІамыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхъэзыру щытыныжьмкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщІамыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхъэзыру щытыныжьмкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжьыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэм хэт «2020 гъэм жэпуэгъуэм и 4 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 18 пщІондэ, 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 1 пщІондэ» псалъэхэр щыгъуауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм фокІадэм и 30-м
№125-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я Іэтащхьэхэм Іэ традзащ щІыналъэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек я пашэу республикэм и лІыкІуэхэр жэпуэгъуэм и 2-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием. Гупым хэтащ КЪР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Т. Б., КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Ті., республикэм и япэ вице-премьер Говоров С. А., КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Кьардэн М. Н., КЪР-м и Парламентым и депутат Кебеков В. С., Лэскэн, Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэхэм я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэу Инжыжокъуэ С. М., Муртазов Б. С.

ХЬЭЩІЭХЭМРЭ абыхэм къапежьахэмрэ япэщІыкІэ кІуащ «Мелыіычхэм я къала» комплексу Бесльэн дэтым. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Іэтащхьэ Битаров Вячеславрэ КІуэкІуэ Казбекрэ удз гъэгъажэр щагъэтІыльащ «Нэщхьеягъуэм и жыг», гъэру ябыдахэр хуит къыщащІыжым хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъхэм дж.

А махуэ дыдэм Владикавказ щыізэпсэльащ республикитІым я Іэтащхьэхэу КІуэкІуэ Казбекрэ Битаров Вячеславрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІэхъус кьрихри, Битаровым кьыхигъэщащ иджыблагъэ Налшык щыщыізэущІам зраухьилІауэ зэрыщытар щІыналъитІыр зэдзэжьэным хуэгъэпса Зэгурыіуэныгъэм Іэ традзэну.

РСО-Аланием и Унафэщым зэІущІэм хэтхэм ягу кьыгъэкІыжащ абы ещхь дэфтэрым ильэс 25-кІэ уэзІэбэкІыжмэ Іэ зэрыт радзар. А зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщыгу щытар щІыналъэм и япэ Президент КІуэкІуэ Валерийт. «Абы льандэрэ зэман куэд дэкІащ икІи и чэзу хьауад а Зэгурыіуэныгъэр къэдгъэщІэрэщІэжыну. Нобэ фы фыкьыщІэкІуам и щхьэусыгъуэри аращи, фыщІэ фхузощІ фыкъызэрыгъэхуеблэгъам папщІэ», - КЪР-м и Іэтащхьэм зыкъызыжриІуэзащ битаров В. З.

«Осетиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыпсэу лъэпкъхэр зэныбжьэгъуу къызэдокІуэкІ лІэщІыгъуэ бжыгъэ хьауэ икІи апхуэдэу пщІэ зэрызэхуащІыр щІыхубэм я фІыщІэщ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, а лэжьыгъэм адэкІи пытщэн хуейщ, ди щІэблэхэр лІэщІыгъуэ зи ныбжь а зэныбжьэгъуГэхэм щыгъуаззу щытын, абы къыпащэн папщІэ», - къыхигъэщащ Битаров Вячеслав.

КІуэкІуэ Казбек Битаровым фІыщІэ хуищІауи, гуапэу къаззэрыщІам папщІэ икІи къыхигъэщащ 1995 гъэм Урысей Федерацэм щыіпэхэм ящыщу республикитІым зэныбжьэгъуныжь зэдзэлэжьэныжь теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІлІауэ зэрыщытар.

КЪР-м и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, щІыналъитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыныжьмкІэ хэкІыпІэ куэд дыдэ щыІэщ. Осетие Ищхъэрэ - Аланием и экономикэм и лъабжьэщ промышленность зызыужьамрэ унэтІныныгъэ куэдым щылажьэ мэкъумэш Іэнатіэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрри Кавказ Ищхъэрэм куэдым хуэгъэпса и экономикэм и центрхэм ящыщ зыщ, щІыуэпс, щэнхабзэ хьугъэфІыгъуэхэр, индустриальнэ хьулейгъэхэр и куэдщ.

«Щэч къытехьэркъым мы Зэгурыіуэныгъэм фІы куэд къызэрыдэкІуэнум! Абы ди щІыналъэхэр Іэнатіэ куэдым щызэдзлажьэныжьмкІэ хэкІыпІэфІхэр къызэІуихым и мызакъуэу, ар Іуэхущ Іапі э хэхахэми, цІыху къызэрыгъэкІэжми я фейдэ зыхэлъым зэхлажьэнущ, ди къэралым и лъэщагъымрэ зэкъуэтынныгъэмрэ гъэбдзэныжьмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъабжьэу увынущ, ди къуэш Осетие Ищхъэрэ - Аланием худи зэхущытыкІэхэм нэхъри ирагъэфІэкІуэнущ! - къыхигъэщащ КІуэкІуэ К. В.

ЗэІущІэ нэхъыбэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Осетие Ищхъэрэм и Іэтащхьэ Битаров Вячеславрэ щІыналъэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ.

Ар хуэунэтІащ лъэныкъуэхэр сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми щызэдэлэжьэныи икІи нэгъуэщІ зэгурыІуэныгъэхэр зэщІыпІэным, инвестицэ проектхэр зэгъэусыгъэзащІэным, промышленнэ Іэнатіэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, уэзышагъэр хьумэным, гъуэгу ухуэным, туризмэм, зыгъэпсэхупІэхэм зегъэубгъуным, щІыуэпсыр хьумэным, нэгъуэщІхэми ІуэхуфІхэр щызэдзэщІэным хуэщхьэпэнущ.

Республикэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі э хэм я журналистхэм я упщІэхэм жэуап щратым, унафэщІитІми жаІащ зэгъуэгъуфІ зэхущытыкІэхэр хьумэным, щІыуэхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэн мудадкІэ социально-экономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэубгъуным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Осетие Ищхъэрэм щыщыІам Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм зыщапльыхьащ КЪР-мрэ РСО-Аланиемрэ я щІыхубэм я «Зэныбжьэгъугъэм и унэм», республикэм и льэпкъ музейм, апхуэдэуи «Барбашово поле» комплексым.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КЪР-м и Парламентым

Зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

КЪР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъуэ 20-м щІигъум щыхэпльащ икІи Правительствэ сыхьэтым 2020 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетыр гъэззэщІа зэрыхъум щытепсэльыхьащ.

«КЪР-м и цІыху щхьэхуэхэм ират къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэм теухуауэ» КЪР-м и законым зэхъуэкІныныгъэхэр хальхьащ. Ар ехьэлІащ къуажэхэм щыпажьэ егъэджакІуэхэм, школ унафэщІхэм, абыхэм я къуэдзэхэм, школым епха Іуэхущ Іапі эхэм щылажьэхэм мазэ къэс ахьшэ етыным, зыщІэс зчэр гъэпсыным текІуадэр, уэздыгъэ уасэр ятыфын папщІэ.

Еджагъуитікіэ къащтащ «КЪР-м щыщ сабийхэм я хуитныныгъэмкІэ щэсепІэхэр» КЪР-м и законым зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектымрэ «Щыхэлъ я уэзышагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КЪР-м и законымрэ. Мыр зытеухуар никотин зыхэлъ шхыныгъуэхэм я рекламэм сабийхэр щыхъумэным теухуауэ къэрал, щІыналъэ унафэщІхэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэрщ. Апхуэдэуи никотин зыхэлъ шхыныгъуэхэм щыхуэхэр щыхъумэныжьмкІэ хабзэхэм нэхъ куууэ елэжь хъуащ.

«Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪР-м и законми зэхъуэкІныныгъэхэр халъхьащ депутатхэм. Ар зэхъэлІар предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щадж е зы унэтІныныгъэм теухуауэ лажьэ курыт еджапІэхэмрэ курыт Іэщ Іагъэ щызрагъэгъуэт Іуэхущ Іапі эхэмрэ зэрыщІагъэтІысхьэ хабзэхэм КЪР-м и Правительствэм и унафэ хилъхьэ зэрыхъунурщ.

Зэхъуэкіныныгъэхэр халъхьащ «КЪР-м и зэзэгъэкІуэ судыщІэхэр» КЪР-м и Законми. ЗэзэгъэкІуэ судыщІэхэр щылажьэ щІыпІэм и Іуэнапкъэр гъэнэхуа хъун папщІэ, и нэІэ щІэт Іыхьэм блэкІ федеральнэ автомобиль гъуэгум и километр бжьыгъэр дыщІагъу. ЗэзэгъэкІуэ судыщІэр щылажьэ щІыпІэмэ абы блэкІ федеральнэ гъуэгумрэ нэхъ тынщу къэпщІэн папщІэ, онлайн-картэ ягъэхьэзыращ, ар мыгувэу интернетым къралъхьэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм къагъэсэбэпын папщІэ.

«КЪР-м и къэрал мылъкур приватизацэ щІыным теухуауэ» КЪР-м и Законым и 8-нэ статьям зэхъуэкІныныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» проектми арэзы техьащ депутатхэр. Республикэ, щІыналъэ мылъкуэр приватизацэ зэращІам теухуа дэфтэрэхр КЪР-м и Правительствэм зыхуриГъэхьыныр уполномоченнэ федеральнэ Іуэхущ Іапі эрщ, ГъатхэпэМ и 1-м фІэмыкІыу.

«КЪР-м физическэ культурэмрэ спортымкІэ Іэнатіэм щекІуэкІ щытыкІэм теухуауэ» КЪР-м и законыр федеральнэм трагъэхуащ. Школ спорт лигэхэр дяпэкІэ щІыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэну къыхалхьэ. Апхуэдэ Іэмалкіэ физическэ культурэмрэ спортымрэ еджакІуэ нэхъыбэ къыхэпшэфынущ.

Мэкъумэш щІыпІэхэм я техуэуэ республикэ законым хаудыжащ щІым ехьэлІа федеральнэ законым хэт Іыхьэу къызытригъэзэжхэр. Апхуэдэуи зэхъуэкІныныгъэхэр хальхьащ республикэ закон зыбжанэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КІУЭКІУЭ Казбек:

Хуейщ дыпэлъэщын коронавирус уз шынагъуэм

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм фокІадэм и 30-м щригъэкІуэкІащ Коронавирус уз зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр кьыззрызэрагъэпэщыпмэ а узыфэм зэрыпащІэтымрэ теухуа Іуэхуэхэр зэкІэлъыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІущІэр.

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ мардэм тету зэІущІэм щыщІэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэр, апхуэдэуи COVID-19-м зыщиубгъу лъэхъэнэм медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр зэрызэтеуухуам.

Ящэу зыхэлъыну яГъэува Іуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КЪР-м щыІэ Санитар дохутыр нэхъыщхьэ **Пагуэ Жыраслъэн**. Абы жиІащ щыІэным узыфэр унагъуэ 713-м иц цІыху 1166-м зэрапкрытыр, апхуэдэуи лэжьакІуэ гуп закъуэтІакъуэми ар зэуэлІахэр зэрыщыІэр, и нэхъыбапІэкІэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм щыщхьэ. ЦІыхухэм щІэныгъэ, гъэсэныгъэ щрагъэгъуэт Іэнатіэм хьыхь Іуэхущ Іапі э 18-м сымаджэ зырыз щыІэу ящхьэтащ - сабий саду бгъумрэ еджапІибгъумрэ.

COVID-19 узыфэр жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу цІыху 7712-м я кьапкърыхьауэ я кьахутащ, абыхэм ящыщу 6512-р хьужащ, цІыху 94-рэ абы кьахуегъэлакъым. Тест къэпщытэныгъэу мини 188-м щІигу ирагъэкІуэкІащ. Госпиталхэм сымаджэ 995-рэ щІэлъщ, абыхэм ящыщу 55-м реанимацэм щІэзэ. Узыфэр зэуэлІахэм я процент 27-м абы и нэщэнэхэр мынаІуащэу ар япкрытщ, процент 38-м къехьэлъэкІыркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр СОVID-19-м зыщиубгъу Іыхьэхэм зэрызэтеуухар наІуэ кьищІу къэпсэлъащ КЪР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр **Кьалэбатэ Рустам**. Абы жиІащ мы зэманым коронавирус узыфэр зыпкърытхэм щеІэзэу республикэм госпиталу хы, псори зэхэту гъуэлъпІэ 1155-рэ щІэту, жэщ-махуэ ямыІэу зэрыщылажьэр, абыхэм ящыщу 654-м цІыхур кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэжэр, 152-м ИВЛ-хэр зэрецэлІар. Эпидемиологие щытыкІэр нэхъыкІэ хьумэ, Іэмал яІэщ сымаджэщхэм щІэт гъуэлъпІэхэм я бжыгъэр 1445-м нэсрэ, абыхэм ящыщу 842-м кислород елэлІауэ. Узыфэ зэрыцІалэ шынагъуэхэм япэщІэт госпиталхэм мы зэманым Іэнатіэ щыпэрытщ дохутыр 218-рэ, курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэ 604-рэ.

COVID-19-р зэрапкърытыр наІуэ кьэхъуауэ цІыху 1032-м я узышагъэм я унэхэм щакІэпэлъэпІ. Абыхэм ящыщу 924-м кьемыкьэлъэкІыу, 108-м нэхъ быхьащІэу, 112-м узыфэм и нэщэнэхэм мынаІуащэу япкрокІ.

Оперативнэ штабым хэтхэм защыхуигъаэзм, **КІуэкІуэ К. В.** жиІащ республикэми, кьэрал псор зэрыщыту кьапщтэми, коронавирус узыфэ зэрыщІалэри ОРВИ-ри зэфыкІхэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъэр. Ар хуагъэфэщат «Роспотребнадзор»-мэрэ Узышагъэр хъумэныжьмкІэ министрствэмрэ. Апхуэдэу щытми, щытыкІэр зэпІэзэрытщ, Іэщ ІагъэлІхэм я нэІэм щІэтщ, республикэм узышагъэр хъумэныжьмкІэ и Іуэхущ Іапі эхэр абы хуэхьэзырыр икІи сымаджэхэр гъэхъужьыным сыткІи хуэщІащ. Экономикэм хуэлажьэ Іуэхущ Іапі эхэр щІыззхуэпщІын, мардэ пыухыкІэхэр щІэбгъэувын щхьэусыгъуэ мы зэманым щыІэкъым.

Егъэджэныгъэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэм я гугъу пщІымэ, жиІащ КІуэкІуэ К. В., абыхэм щылажьэхэми екІуалІэхэми сымаджэ хъуа куэд яхэткъым, школхэр зэхуэпщІын е я бжьыхьэ зыгъэпсэхуэгъуэм нэхъ пасэу бгъэкІэуэн хуэдэу. Дэтхэнэ зы еджапІэми теухуа унафэр щхьэхуэу къащтэнущ, COVID-19-м зэрызиубгъум ельытауэ.

А псом къадэкІуэу, цІыхуэхэм къагурыгъэІуэн хуейщ захъумэжьын папщІэ профилактикэ Іуэхуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, КЪР-м и Іуэхущ Іапі эхэм санитар мардэхэм зэрыщытет щІыкІэми эпидемиологие кІэлъыплъыпхъэщ.

Эпидемиологие щытыкІэр кьиІыпэтри, «Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪР-м щыІэм кьыхихьыжащ зэІущІэкІэ, конференцкІэ зэпыщІэныгъэ зэпыщІэу ирагъэкІуэкІыну, кьэрал властым и органхэм зыхуэфащэ дэфтэрэхр кьезыІыхыну хуейхэм я Іуэхутхьэбзэкэр «Зы щхьэгъубжэ» щапхъэм тету хуащІну.

Щхьэхуэу и гугъу ящІащ щІыналъэм цІыху 50-м щІигъу зыихэт щэнхабзэ, спорт зэхуэсхэр щегъэкІуэкІыным и Іуэхум. Къэбэрдей-Балъкъэрым, унафэ кьащтащ жэпуэгъуэм и пэщІэдзэм Налшык щрагъэкІуэкІыну яубзыхуауэ щыта гастрономие фестивалыр щамыгъэІэну.

ЗэІущІэр щызэхуищІыжьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхуэм захуигъаззэри, КІуэкІуэ Казбек псоми ягу кьигъэкІыжащ коронавирус узыфэм ГъатхэмкІэ зыщиубгъуам а щытыкІэм кьызэрикІыфар. Ар зи фІыгъэр республикэм и властымрэ жылагъуэмрэ я Іуэхум зэрыззегугъуарщ: «Ноби псори дытетын хуейщ санитар-эпидемиологие кьулыкъущІапІэхэм кьытхуагъэувкэм, нэхъ набдзэгубдзапІэу ди щхьэми, ди Іыхьлыхэми, ди нэхъыжьхэми дахущытпхъэщ, профилактикэм и Іэмал кьызэрыгъэкІэм дытетыпхъэщ - ди Іэхэр ттхьэщІын, нэкІуупхъуэхэр зыІудгъэлъэн хуейщ. Апхуэдэ щІыкІэ-публикэм и властымрэ жылагъуэмрэ я Іуэхум зэрыззегугъуарщ: «Ноби псори дытетын хуейщ санитар-эпидемиологие кьулыкъущІапІэхэм кьытхуагъэувкэм, нэхъ набдзэгубдзапІэу ди щхьэми, ди Іыхьлыхэми, ди нэхъыжьхэми дахущытпхъэщ, профилактикэм и Іэмал кьызэрыгъэкІэм дытетыпхъэщ - ди Іэхэр ттхьэщІын, нэкІуупхъуэхэр зыІудгъэлъэн хуейщ. Апхуэдэ щІыкІэ-КЪР-м и Іэтащхьэм.

Къищынэмыщ Іауэ, КІуэкІуэ Казбек щыІэ Іуэхуэхэр зегъэкІуэныжьмкІэ органхэм я унафэщІхэм пщэрыльэ ящищІащ республикэм и щІыналъэхэм, псом хуэмыдэу бгылъэ щыІэпІэхэм, дунейр щІыІэ щыхъумэ, унэхэр нэхъ пасэу кьагъэхуэзэныжьмкІэ щІыІэ зэкІэлъыгъэ зэпалъытэу ябы зыхуагъэхьэзырыну.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Пщ Іэ зыхуэтщІэджькІакІуэхэ!

2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэзыхьэх, фІыуэ фІьагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Іэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьэну е пощт къудамэхэм (фэ фыщцыхуейм деж) щывэттыжыну къаІэн зыщідоощІыж.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хьыбар КЪР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ. фыдогъашІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэпІеикІэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

Зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КЪБР-м и Парламентым деж щыIэ Щlалэгъуалэ палатэм теухуа хабзэмэ зэхъуэжьныгъэ иГуэтащ. Абы хьихьэну хуитыр зи ныбжьыр илъэс 35-м нэсхэрщ. Илъэс 35-рэ ирикъуахэр къыхэкlыжьын хуейщ. Илъэсипщlым щlигъуа Щlалэгъуалэ палатэр республикэм нэхъ зэпlэзэрыту, купщlафlэу щылажьэ щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящыщщ икlи зи щlалэгъуэхэм я деж зыпыдж щигъуэтащ. Абы къыхэкlыу Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэм я бжьыгъэр 50-м нэсыну унафэ ящlащ.

«КЪБР-м щыщ сабийхэм я хуитыныгъэмкlэ шэсыпlэхэр» КЪБР-м и законым теухуауэ 2020 гъэм фокlадэм и 14-м КЪБР-м и прокурорым къигъэхьа мыарэзныгъэм хэпльащ депутатхэр.

КЪБР-м и бюджетыр зэрагъэзащlэм теухуауэ

Депутатхэр едэIуащ 2020 гъэм и япэ илъэсныкъуэм КЪБР-м и бюджетыр зэрагъэзащlэм теухуауэ Правительствэм утыку кърихьам. Абы и купщlэр къызэхуэсахэм яжриащ КЪБР-м финансхэмкlэ и министр Лисун Еленэ.

Бюджетым и хэхъуэр сом мелард 19,6-рэ мэхъу (ар илъэсым яIэн хуей хэхъуэм и процент 49,7-рэ мэхъу). Нэгьабэрейм еплъытмэ, проценти 125,5-кlэ хэхъуащ.

Налогхэмрэ налогым щымыщ хэхъуэхэмрэ сом меларди 5,1-рэ иригъэкъуащ (ар планым и процент 42,9-рэ мэхъу). Процент 89-кlэ хэхъуащ. Хэхъуэр сом мелуан 630,2-кlэ нэхъ мащlэ хъуащ, ар зэпхар щыlэ хъуа экономикэ щытыкlэмрэ федеральнэ, щыналъэ жыпхъэхэмрэщ.

Экономикэ щытыкlэр зэпlэзэрытын, хьарычэтыщlэ Iуэху мыинымрэ курытымрэ ядэlэпыкъун папщlэ налогым ехьэлIа хабзэ щхьэхуэхэр къащтащ. КЪБР-м и Правительствэм ищlа унафэм тету, ягъэ, ятIуанэ мазищхэм налогыу халъхьэн хуей авансхэр фокlадэм и 25 пщlондэ ягъэIэпхъуащ, Iэхъущlапlэм и мылъкум техуэ налогым и авансыр фокlадэм и 30 пщlондэ ягъэIэбащ.

Апхуэдэуи мэлыжьыхьым и 30-м къащтауэ щытащ «КЪБР-м и налог дэфтэрхэм ящыщхэм халъхьа зэхъуэныгъэхэм ятеухуауэ» КЪБР-м и законыр. Абы ипкъ иткlэ, коронавирус уз зэрыщlалэм щытыкlэ гугъу иригъэуба хьэрычэтыщlэхэм ят налогхэр яГъэмащlэ, Iэхъущlапlэм и мылъкум налог щхьэщытыкlырхьым, хьэрычэтыщlэм илъэсым къриубыдэу иIэну хэхъуэм и инагъыр яГъэмэщlащ.

Псоми зэхэту зэрызыщlагъэхьуар сом мелуани 126,6-рэ мэхъу.

Бюджетым къыхэхъуа зымыгъэзэж мылъкур сом мелард 14,5-рэ мэхъу, ар процент 53,1-кlэ гъэзэщlа хъуащ.

Сом мелард 17,7-рэ къагъэсэбэщащ. Ар проценти 121,5-кlэ нэхъыбщ. Псэукlэм зегъэужьыным, япэ игъэщыпхъэ Iэхъухэм хухахащ сом мелард 14,3-рэ. Ар къагъэсэбэна ахьшэм и процент 80,5-рэ мэхъу.

Коронавирус уз зэрыщlалэм зэмыгъэубгъуным трагъэкlэдащ сом мелуан 666,1-рэ. Абы щыщу сом мелуан 374,8-р - федеральнэ мылъкум, сом мелуан 292-р республикэ бюджетым къыхэкlащ.

Бюджет ахъшэм и профицитыр сом мелард 1,8-рэ мэхъу.

Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и къэрал щlыхъэр сом мелларди 7,8-рэ иригъащ. Абы трагъэкlуэдар блэкlа илъэсым и япэ илъэс ныкъуэм елъытауэ процент 85-кlэ нэхъ мащlэщ, сом мелуан 16,7-рэ иригъуэ араща.

Депутатхэм къыхаГъэщащ бюджет Iэхъущlапlэхэм трагъэкlуадэ мылъкум куэдкlэ зэрыхэмыхъуам, узыншагъэр хъуэмэным епха, социальнэ Iэхъущlапlэхэм ахъшэр яриткъу хуамыуТыпщыфынкlэ зэрыхъунум зэрытегъуэзвыхьыр. Лисун Еленэ зэрыжиIамкlэ, ахъшэр зэрауТыпщ статьяхэм ящыщу зыри яГъэмэщlакъым, я пщэрылъ псори зыхуей хуэзэу яГъэзащlэ. Абы къыдэкlуэу республикэм и ахъшэ гъэтIылъыгъэхэм ящыщи зи гугъу ящI Iэнатlэхэм лейуэ хуауатIыпщащ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ налогхэмрэ налогым щымыщ хэхъуэмрэ коронавирусым и игъэкlэ зэрыкlрыхуар икlи щlэупщlащ илъэсым и кlэм ирихьэлIэу ар зэрагъэзэхуэжьыфынрэ зэрамыгъэзэхуэжьыфынрэ.

Финансхэмкlэ министрым жиIащ, бюджетым ехьэлIа Iуэхур зэрыхъунум утепсэлъыхьыну зэрымытыншыр, щытыкlэм щlэх-щlэхыуэр зэрызэхъуэжьым къыхэкlыу.

Карантин Iуэхухэм щыщlидзагъащlэм хэхъуэм фIыуэ кlэрыхуну хуагъэфащэу щытамэ, иджыпсту нэхъ щlэзэрыт хъужащ. Ауэ республикэм мылъкум хущщlэнкlэ хъуну хуагъэфащэ. Ауэ щlыхьхьlи, республикэм федеральнэ ахъшэ къыIэрохъэ - иджыкlэ мелуан 804-рэ къыхуагъэтIыпщащ къыIэрымыхьэ хэхъуэр иригъэжьужьи папщlэ. Къищынэмыщlауэ, бюджет щlыхуэр реструктуризацэ щынымкlэ зэгурыIуэныгъэ зэращыпlащ. Мы гъэм КЪБР-м и имытыжьми хъунущ сом мелуан 580-рэ.

А Iуэхум теухуауэ КЪБР-м и Парламентым и унафэ къыдэкlащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Егъэджэныгъэ

Ныбжьыщlэхэм я щlэныгъэм хэзыгъахъуэ проект

Зэхъуэкlыныгъэхэмрэ Iуэху зехьэкlэщlэхэмрэ дапщэщи зи куэд егъэджэныгъэ Iэнатlэм мы махуэхэм лэжьэн щыщlидзащ «Яндекс. Лицей» IT проектыщlэм. Апхуэдэ Iэнатlэ ди республикэми къыщызэIуахащ жэпуэгъуэм и пэщlэдзэм.

2019 гъэм къыхалъхьауэ щыта «Яндекс. Лицей» проектым и мурад нэхъыщхьэр школакIуэхэм нэхъ куууэ промышленнэ программированиер егъэджныщ. Мы зэманым апхуэдэ технологие пэрытхэр гъащlэм и лъэныкъуэ куэдым шэщlауэ къыщагъэсэбэп: Интернетымрэ дизайн къызэрыгуэкlымрэ деж къыщыщlэдзауэ медицинэ лъагэмрэ хьэрышымрэ деж щыуиныжу. Егъэджэныгъэр дуней псом щыщlэрыIуэ Python бзэмкlэ екIуэкlынущ. IT программэ инхэм епха а бзэм Iэмал къыует экономикэм и унэтIныгъэ куэдым щыщыщlэ Iуэхугъуэхэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхъэпщlыну.

А щlэныгъэ псоми гъунэгъу хуэхъуну Iэмал яГуэтащ ди республикэм щыщ школакIуэ 20-м. Ди щlыналъэм и курыт школхэм я 8 - 9-нэ классхэм щlэс а ныбжьыщlэхэр къыхахащ «Яндекс.Лицей» проектым хэтыну гукъыдэж зыщlа щыхуи 122-м. Ахэр щеджэнущ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я щlэныгъэм хэзыгъахъуэ проектым хэтыну Iэмал яГуэтащ ди республикэм щыщ школакIуэ 20-м. Ди щlыналъэм и курыт школхэм я 8 - 9-нэ классхэм щlэс а ныбжьыщlэхэр къыхахащ «Яндекс.Лицей» проектым хэтыну гукъыдэж зыщlа щыхуи 122-м. Ахэр щеджэнущ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я щlэныгъэм хэзыгъахъуэ зымыгъэзэж мылъкур сом мелард 14,5-рэ мэхъу, ар процент 53,1-кlэ гъэзэщlа хъуащ.

Сом мелард 17,7-рэ къагъэсэбэщащ. Ар проценти 121,5-кlэ нэхъыбщ. Псэукlэм зегъэужьыным, япэ игъэщыпхъэ Iэхъухэм хухахащ сом мелард 14,3-рэ. Ар къагъэсэбэна ахьшэм и процент 80,5-рэ мэхъу.

Коронавирус уз зэрыщlалэм зэмыгъэубгъуным трагъэкlэдащ сом мелуан 666,1-рэ. Абы щыщу сом мелуан 374,8-р - федеральнэ мылъкум, сом мелуан 292-р республикэ бюджетым къыхэкlащ.

Бюджет ахъшэм и профицитыр сом мелард 1,8-рэ мэхъу.

Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и къэрал щlыхъэр сом мелларди 7,8-рэ иригъащ. Абы трагъэкlуэдар блэкlа илъэсым и япэ илъэс ныкъуэм елъытауэ процент 85-кlэ нэхъ мащlэщ, сом мелуан 16,7-рэ иригъуэ араща.

Депутатхэм къыхаГъэщащ бюджет Iэхъущlапlэхэм трагъэкlуадэ мылъкум куэдкlэ зэрыхэмыхъуам, узыншагъэр хъуэмэным епха, социальнэ Iэхъущlапlэхэм ахъшэр яриткъу хуамыуТыпщыфынкlэ зэрыхъунум зэрытегъуэзвыхьыр. Лисун Еленэ зэрыжиIамкlэ, ахъшэр зэрауТыпщ статьяхэм ящыщу зыри яГъэмэщlакъым, я пщэрылъ псори зыхуей хуэзэу яГъэзащlэ. Абы къыдэкlуэу республикэм и ахъшэ гъэтIылъыгъэхэм ящыщи зи гугъу ящI Iэнатlэхэм лейуэ хуауатIыпщащ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ налогхэмрэ налогым щымыщ хэхъуэмрэ коронавирусым и игъэкlэ зэрыкlрыхуар икlи щlэупщlащ илъэсым и кlэм ирихьэлIэу ар зэрагъэзэхуэжьыфынрэ зэрамыгъэзэхуэжьыфынрэ.

Финансхэмкlэ министрым жиIащ, бюджетым ехьэлIа Iуэхур зэрыхъунум утепсэлъыхьыну зэрымытыншыр, щытыкlэм щlэх-щlэхыуэр зэрызэхъуэжьым къыхэкlыу.

Карантин Iуэхухэм щыщlидзагъащlэм хэхъуэм фIыуэ кlэрыхуну хуагъэфащэу щытамэ, иджыпсту нэхъ щlэзэрыт хъужащ. Ауэ республикэм мылъкум хущщlэнкlэ хъуну хуагъэфащэ. Ауэ щlыхьхьlи, республикэм федеральнэ ахъшэ къыIэрохъэ - иджыкlэ мелуан 804-рэ къыхуагъэтIыпщащ къыIэрымыхьэ хэхъуэр иригъэжьужьи папщlэ. Къищынэмыщlауэ, бюджет щlыхуэр реструктуризацэ щынымкlэ зэгурыIуэныгъэ зэращыпlащ. Мы гъэм КЪБР-м и имытыжьми хъунущ сом мелуан 580-рэ.

А Iуэхум теухуауэ КЪБР-м и Парламентым и унафэ къыдэкlащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



Жэмбей Мафрузэ. *1950 гъэ* — *2020 гъэ*

Жэпуэгъуэр зи техьэпщIэ бзылъхугъэ

Пэжырытхэщ гъэхэр. Абыхэм я хъэтI къызыхуэтыншэм зигурэ зи щхьэрэ зэтелъу ирилъэжьыф щыIэххэмэ, ар Уафэм и Iыхьлы-Iэулдэу къыщIэкlынщ. Ди бжьыхьэкlапэ зэтауэ апхуэдэхэр къыщыддэгъуэгурыкIуэм деж, къапих нэхунэр дыхуэмыщlэххэу къыттепсэурэ къыттолъэщlыхь. Къыттепсэрэ пэт, ар зейми демыгупсысыщу бзийхэм захьдошынIэ, зыдогъэу. А нур гъэнщIыгъуэр къызыпихыр бзылъхугъэу щытмэ, ущlэмыупщlэххэт апхуэдэм къыдэщlэрэщlэж псэ къуэуатыр здынихьэсым!

Зи гугъу фхуэтщlынур къыщалъхуар нобэ хуэдэщ... Жэпуэгъуэр пасэрэ щlыгулъ ешар щатэурэ диижу; Къурт и мэзпщlащэ зэлымIпIым Кугулъкъуей зытрипхъахэрэ, гъуаплъэ Iупэхэр Урыхупс жэкъуам хищlытэжьын нэхъыей, кlэлъынацIэу.

...ЖЭМБЕЙ Бэбыз и жьэгу мамырым гъэр 1930-у щалъхуа пщащэм фIащар Мафрузэт. Къэвбжагъэнщ, мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу а бзылъхугъэм зыдедгъэхьэхыIуэу къыщыфIэщlа щыIэмэ.

Нэрылъагъуащ, дыгъэ соку Iэрамэ хущанэурэ зыбыргъэхъами ярейщ Мафрузэ къиГэщlа илъэсхэр.

Сабийр зейр гущэм щхьэщысурэ хуэзпища хъуапсэ хъыринэхэр (Iимана лIэужьу щыт закъуэмэ) гува-щlэхами къыщхьэщыхьэнущ зы гъуазэ лъапэнэхуу. Зи лъагъуэ кIуаIэхэр пасэу къэзыхута Мафрузэ зэхъуэпсэкI имыщlэу хуэпэжащ а кIыпльыса гъуазэм. Мысасфижрэ пэт, иджыри мыбалигъыу ар иплъэрт фашист зэрыпльхуаIуэм и фочыку. Инжыщ цыкlуIуатэ мыхъуу, джий нэщlкIэ игъэт гъаблэ лъэнкIапIэм и тхытх кIэзызыр. Лей бзаджэ зытехьа ватъэщlапIэхэм жылэдэсхэм бдзумэ щратыжми, зи нэхэр щыункIыфIкI балигъхэм я нехьэкъехуэу пщащэ цыкlур губгъуэм ихьэрт. Сабий пщIанTIопсыр шыгъуэз яещ: къаIуэдиз гугъехь зи фэм дэкIа хъыджэбзым щIэнигъэ нэхьышцьэкIэ зызэщlIуIелIэжри егъэджакIуэ къалэным пэрыхьат.

Кугулъкъуей къыщамылъхуахэри, къимыдзкIэ а бзылъхугъэм адыгэбзэ здыщригъэджа Ерокъуэ, хьэмэрэ Брамтэ курыт еджапIэхэм зей щIэмысаэхэри дыхуэныкъуащlэщ апхуэдэ цIыху хьэлэмэтэхэм я хуабэ IэмпIэ.

Ахэрщ гъащlэ хьэлэным и IэфI зыIухуар. Апхуэдэхэм я зэхэщlыкI Iуащыбэм шхэпсу зэщlеIыгъэ мы дуней гунэфыжьым и пкъынэ кхъахэу ульие зэпхъуар.

Жэмбей Мафрузэ (Жыращхэ я нысэр) иджыпсту Налшык щопсэу. Жыращхэ щигъэтуэзу пхъуиц иIэжщи, языхэзри цIыху зэхъуапсэм хуэдэщ; къащlэуэжа цIыкIухэри езыхэр эсэгъэжь щэн-Iэдэбым щlапIыкI. Зы сыхьэтыпэ нэхъ мыбымрэ Мафрузэ удэуэршэрыныщ сыт и уасэ! Жэп зэи темыха хуэдэщ абы и бжьыхьэ бгъущlым. Апхуэдэу къыпфIагъэщI и теплъэ гъэфIам, и нэбзий лъащlэншэхэм. Мы бзылъхугъэм и гупсысэ гъэпсыкIэр и лъэм ещхьыкlабзэу зэрыжаныр-щэ?! Нэхъ щlалIуэ гуэрхэм блахрэ пэт яльэгъуауи узиIэ Мафрузэ тхылъ, журнал, газету щIиджыкIым я бжьыгэр. А зэджар псэрэ акъылкIэ зэпегъэшачэ. ГукIэ ищlэжри куэд мэхъу. IэмалиIэмэ, нэгьуджэ къигъэсэбэлыркъым. УкъеГъэуIэбжь абы и гупсысэ зэпыщlкIэм: куууэ тхыроплъ, куэдым гу лъетэ.

Иджыпсту зи жьыхъуГуэхэм яIурылъ адыгэбзэр узэщlыным хуэлэжьа бзылъхугъэм пщlэ лей хуегъафIэ нобэрей щlэблэм. Мафрузэ дежкlэ щlэкъым бузэхуэ мыхъун «Iей» зэпэхъурей; щыIэр - зи Iункlыбзэ IухыIр къамыхутэф «фIыщ». ФIэщщlыгъуейщ мы бзылъхугъэм зэгуэр жаГъэгъу иIауэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ; чэщей щыкъуу зэрихьэ и къабзэфIым хуэмыгъэткIын жагъуэ къарапэсыфауэ... Ар фIыуэ зыщlыхухэм жаIэращи: «КъентIэIуркъым мыхъумыщlэр. КъафIэлыкIрэ е къыщыукIытэрэ? Сытми, пэIэщlэу блокI».

Мафрузэ ящыщщ убэным, тхъэусыхэным хуэхей закъуэтIакъуэхэм. «Уэзджэр къокIуэ» жыхуаIэу, а езым зыхуигъэфэщэж пщалъэм екIупсу и псэукIэ зэпуэзэпщри. ЕгъэджакIуэр зыщlымысхьыжу зэгуэр сабийхэм зэрета къепхъых жылэр кхьэзэщlэрыуэжурэ иджы мэгъаГъэжьпIэнщ...

ЛIэужьым гъуж ищlэркъыми, Iлъабжьэжьым уэщ пэлъэщlыркъым. Къуэпс лантIэу зэIуащащ Жэмбейхэ я пхъум и зэхэщlыкIыр. Къэзыльхуа адэм и нэкIэщ ар ноби гъащlэм зэрырилъэжьыр. «Мэуэ, бжэр къыIуихрэ Бэбызэ къыщlыхьатэмэ, ар арэзыуэ щlыхсупыгуфIыкIын гуэр згъэшыну сыт щыгъуи сыхэтащ», - жеIэ иджы езым.

ФимыгуГъэ мы бзылъхугъэ щыпкъэм гъэхэр лъэныкъуэ псомкIи къедэхэщlауэ. ИIэтащ абы гъэвыгъуэм и зэз Iыхьи. Ирикъуфыщlу пIэщхьагъым и нэпс фIэкIыпIэнщи. ПижжыкIыурэ узащ и кIэтIий кIапи. ЩIилъхьэжащ быни. ИтIани и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжрэ щlэщэтэкъым и лъэ. Гугъэр Iэщlэщlэфтурэ зэпыщlыкIакъым и гурыгъ. Уафэм къыIэщlилъхьар шыкуркIэ къыIихащи, щlэныгъэ дыгъэмрэ Iиман лъэщlымрэ я гурыфIыгъуэр быным ирешыхьэкI.

Къэзыгъэщlыжу къигъэщlар бзылъхугъэрщ. Ныбжьрэ жьыгъэ лъдэхрэ зытрамылъагъуэр анэрщ. Уафэрэ пэт къыдоланджа жи анэ Iулыджьым: дэлплейуэрэ лъаIуэхэм я тэрмэш щхьэукъуэнэщэ ар. Жэпуэгъуэ пасэр зи техьэпщIэу лIэщlыгъуэ кIуам къэунэхуа бзылъхугъэм - анэ, анэзыхуэ, егъэджакIуэ Жэмбей Мафрузэ дыхуоихуапсэ нэхъыбэIуэрэ мы лIэщlыгъуэм щытхузблэну... Алыхьым и нэфIыр къыпщхьэщигъат, Бэбызэ ипхъу дахэ щlыкIу!

КЪАРМЭ Iсият.

Бемырзэ Зураб и текIуэныгъэ

Дагьыстэным щекIуэкIащ усакIуэхэм я урысейпсо зэпеуэ, Гуртуев Сэлихь и фэеплъу къызэрагъэпэщауэ. Абы ящэ увыпIэр къыщыхьащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ, «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэ Бемырзэ Зураб. Ящэ увыпIэм ахъшэ саугъэт сом 30000 дэщIыгъуеи, етIуанэм - 20000, ещанэм - 10000.

КъыIэгъэпэщlакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абы хэтыну гукъыдэж зыщlаIэхэм узэхуелъпэ, ар кIуэ пэтми дунейпсо зэхьэзэхуэ хъуным ноблагъэ. Жюрим хэтащ Урысейм и лъэныкъуэ псомкIи къикIа литературэ критикхэмрэ экспертхэмрэ: Василенкэ Светланэ, Минин Евгений, Калашников Геннадий, Молчанов Виталий, Маркин Павел сымэ.

ЕтIуанэ увыпIэр Мэзкуу щыщ Фроловэ Еленэ, ещанэр - Бытырбыху щыщ Капустинэ Iофросинье хуагъэфэщащ. Ящэ увыпIищым нэмыщI, жюрим щыщ дэтхэнэ зыри хуитт ешыи и нэфI зыщlыхуа зы конкурсант къыхихуэщыну. Абы икъ иткIэ, Урысейм и лъэныкъуэ зыбжанэм и кIыхьэ щlыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

«Зэпеуэм си Хэкум теухуа усэ IэрамэкIэ сыхьыхащ, - жеIэ езы Зураб. - Ар къызэзыгъэпэщlахэм, Iэхъум хэуба псоми фIыщlэ яхуозщ».

Бемырзэр ди щlэджэкIакIуэхэм егъэщlыхьжьын хуейкъым. Адыгэбзэри урысибзэри и зэхуэдэу, Зураб махуэ щlагъуэ дэмыкIыу и усэ купщафIэхэмкIэ дегъэгуфIэ. Нобэрей и ехьулIэныгъэри ди гуапэу дыдоIыгъ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 3, *щэбэт*

♦Урысейм и ОМОН-м и махуэщ

♦ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ - зэкъуэтныныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм Германиер зы къэрал хъужащ - ГДР-мрэ КъуэкIыпIэ Берлинрэ ФРГ-м хьихьэжащ.

♦Корее Республикэр къыщыззэрагъэпэща махуэщ

♦1906 гъэм къащтащ тенджызым насыпыншагъэ щыхэуа кхъуэным хъыбар зэрызэбгригъэх щыкIэм теухуа хабзэр - SOS - жыхуиIэр.

♦1924 гъэм дунейм къытехьащ «Учительская газета»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.

♦1929 гъэм сербхэм, хорватхэм, словенцхэм я пащтыхьыгъуэм Югославие цIэр фIащащ.

♦1932 гъэм Иракым щхьэхуитныныгъэ игъуэтащ - Инджылыз къэралыгъуэм къыхэкIащ.

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.

♦1938 гъэм Пермскэ областыр къызэрагъэпэщащ (иджы - Пермскэ крайщ).

♦1945 гъэм Профсоюзхэм я дунейпсо федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс усакIуэ щэджащэ **Есенин Сергей** къызэралъхуэр илъэси 125-рэ ирокъу.

♦ТехникIэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Джигарханян Армен** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущlэ, Урысей Федерацэм и Президентым сату-экономикэ IэхъухэмкIэ и лIыкIуэ хэхуэу Украинэм щыIэ **Зурабов Михаил** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Журналист, усакIуэ **ГъущIэ Зариф** къызэралъхуэр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщlэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 4, *тхьэмахуэ*

♦Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦ЦIыхубэм я дежкIэ Хьэрш лъэхъэнэм щыщIидза махуэщ, Астронавтикэм и дунейпсо федерацэм 1967 гъэм игъэувауэ. 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м СССР-м дунейм щыяпэу ЩIым и Iэрыщl спутникыр хьэршым иутIыпщащ.

♦Хьэршым и дунейпсо тхьэмахуэщ

♦Урысейм и Дзэ-Хьэрш къарухэм я махуэщ

♦УФ-м и МЧС-м граждан зыхъумэжныгъэмкIэ и дзэхэм я махуэщ

♦1904 гъэм къызэрагъэпэщащ «Гётеборг» (Швециер) футбол командэр.

♦1910 гъэм Португалиер республикэ зэрыхъуам теухуа унафэ къащтащ.

♦1916 гъэм и лъабжьэр яГъэтIылъащ Романов-на-Мурме къалэм. Совет власти upa нэужь абы и иджырей цIэр - Мурманск - фIащащ. 1985 гъэм абы Къалэ-ЛIыхъужь цIэр фIащащ.

♦1921 гъэм РСФСР-м и Къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.

♦1957 гъэм СССР-м хьэршым иутIыпщащ ЩIым и япэ Iэрыщl спутникыр.

♦1964 гъэм Москва къыщыззIуахащ «Хьэршым нэсыфахэм я щIыхькIэ» зыфIаща фэеплъыр.

♦1976 гъэм Ипщэ Уралым щыяпэ еджапIэ нэхъыщхьэр - Челябинск дэт къэрал университетыр - къызэIуахащ.

1986 гъэм «Iуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.

♦Франджы усакIуэ, политик, «Интернационал» гимным и псалъэхэр зытха **Потье Эжен** къызэралъхуэр илъэс 204-рэ ирокъу.

♦Совет тIасхъэщlэх цIэрыIуэ **Зорге Рихард** къызэралъхуэр илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Совет физик, академик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Гинзбург Виталий** къызэралъхуэр илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата **Хуциев Марлен** къызэралъхуэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Къумахуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Къаншокъуэ Эллэ** къыщlалъха махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщlэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 5, *блыщхьэ*

♦ЕгъэджакIуэм и дунейпсо махуэщ

♦Дохутыр и дунейпсо махуэщ

♦Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

♦ПсэупIэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щIэпхъаджащIэхэр къэлъыхъуэным пыщlа и IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ. 1918 гъэм щIыхуэб комиссариатым и унафэкIэ РСФСР-м къыщыззэрагъэпэщащ уголовнэ Iэхъухэм елэжьыну къудамэхэр.

♦Адыгэ Республикэр къыщыззэрагъэпэща махуэщ

♦Португалием щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр

♦Лъэсу къэIухьыным и урысейпсо махуэщ

♦Таджикистаным и къэралыбзэм и махуэщ

♦1914 гъэм япэу уэгум щыззэуащ. Абы щыззэрихьэлIат франджыхэмрэ нэмыцхэмрэ я кхъухьлъатэ зырыз.

♦1917 гъэм Владикавказ, Налшык округхэм я лIыкIуэу Советхэм я II урысейпсо съездым ягъэкIуат Киров Сергей.

♦1929 гъэм СССР-м щыяпэу Ленинград къыщыззэIуахат макъри щIэту фильмхэр щыбгъэлъагъуэ хъуну кинотеатр.

♦1948 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса зэгуфхэныгъэр.

♦1991 гъэм СССР-м Дунейпсо валютэ фондым дэлэжьэным теухуауэ япэ зэгурыIуныгъэр иригъыIлIащ.

♦Совет космонавт, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым тIэунейр и ЛIыхъужь **Поповичь Павел** къызэралъхуэр илъэс 90 ирокъу.

♦Чехием щыщ тхакIуэ, къэрал къулыкъущlэ, а къэралым и япэ президенту щыта **Гавел Вацлав** къызэралъхуэр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **ЧуриковэИннэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Актёр цIэрыIуэ, кинорежиссёр, Урысей Федерацэм, Приднестровье Молдавие Республикэм я цIыхубэ артист **Михайлов Александр** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэIухъущlэхэмкIэ щIыхь зиIэ и IэщlагъэлI **Быж Айтэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Таджикистан Республикэм и президент (1992 гъэм ихьыщlыщlэдзауэ) **Рахмонов Эмомали** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщlалъха совет спортсмен цIэрыIуэ, спортым щIыхь зиIэ и мастер, 1976 гъэм Монреаль (Канадэ) щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм дзюдомкIэ чемпион щыхъуа **Невзоров Владимир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м и Совет саугъэтым и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 - 2009 гъэхэм лэжьа, республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахэмын Еленэ** щыщlалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Атуовэ Алтынай** къыщlалъха махуэщ.

♦ШэшэнРеспубликэм и Iэтащхэ (2007 гъэ лъандэрэ), Урысейм и ЛIыхъужь **Кадыров Рамзан** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщlэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

МафIэ щIынкIэ Iэзэр унагъуэ зэгъэзэгъщ.

2021 гъэм дзэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIагъэтIысхьэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и дзэ комиссариатым къыхех Урысей Федерацэм ЗыхъумэжныныгъэмкIэ и министерствэм, зыхъумэжныныгъэм пыщlа нэгъуэщI министерствэхэмрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм 2021 гъэм дзэ Iэщlагъэм щыхурагъэджэну ягъэкIуэнухэм я кандидатхэр.

ДЗЭ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну хуейхэм абы теухуа IэхъухэмкIэ зыкъыхуэвгъаза хъунущ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым. Ди хэщlапIэр: КЪБР, Налшык къалэ, Уэлдэжьым и цIэр зезыхьэ уэрам, 26-нэ уэ, 45-нэ пэш. Дэфтэрхэр блыщхьэ, бэрэжьей махуэхэм сыхьэт 14-м къыщlэщlэдзауэ сыхьэт 17 пщIондэ къыIыдох.

КъекIуалIэхэм яIыгъын хуейщ я паспортыр, дзэ къулыкъум зэрыраджэнум щыхьэт текIуэ тхылъыр (е дзэм къулыкъу зэрыщlащlэ къэзыгъэльагъэу билетыр).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и дзэ комиссариат.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар Жыласэ Маритэщ

● Хъыбар гуапэ

ЩІэныгъэщІэхэм я къигъэхъуапІэ

Ди республикэм мы зэманым шэщІауэ щолажьэ УФ-м и Президентым илъэс щыбжанэ ипэкІэ къыхилъхьауэ щыта лъэпкъ проект зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу 40-м щІигу. ЩІыналъэм и унафэщІхэм гулъытэ хэха зыхуащІхэм ящыщщ «Егъэджэныгъэ» къэралпсо проектым къыщыгъэлъэгъуауэхэм ящыщщ «Иджырей школыр» Іуэхугъуэр. Абы и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хохьэ «Зыужьыныгъэм и къежьапІэ» («Точка роста») центрхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахыныр. ФоІкІадэ мазэм къриубыдэу апхуэдэ ІэнатІэхэр къыщызэІуахащ ди щыпІэм щылажьэ курыт школ куэдым.

«ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭМ и къежьапІэ» центр иужьрейуэ къыщызэІуахэм ящыщщ Щэрэдж районым хыхьэ Бабугент жылэм дэт школ-интернатыр. Кадет еджапІэм щеджэхэр, абы и ІэщІагъэлІэхэр, адэ-анэхэр хуабжьу зыщыгуфыкІа и ІэнатІэм ныбжьыщІэхэм ІэмалыщІэхэр къахуэзІуеих я щІэныгъэм хагъэхъуэным-кІэ, я къуэхьым, гупсысэм и гъунапкъэхэм адэкІи зрагъэужьыныжмкІэ. «Технологие», «Информатикэ», «ОБЖ» предметхэр школакІуэхэм щрагъэджжкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэ хъунущ а центрыр. Апхуэдэу сабийхэр школ нэужым екІуалІэ хъунущ IT-технологиемкІэ, медиатворчествэмкІэ, шахматхэмкІэ, проект лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ центрым епхауэ лэжьэну гупжьейхэм.

ГуфІэгъуэшхуэ иращІэкІат а Іуэхугъуэм. Кадет ныбжьыщІэхэр хьэщІэ лъапІэхэм къапежьащ бгырыс хабзэм тету: шыгуІпІастхкІэ, джэгурэ Іэгуауэкіэ. Апхуэдэу Іэтауэ школым ирагъэблагъахэм яхэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор, абы и къуэдзэ Мысост Екатеринэ, министерствэм школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлэжьэнымрэ курыт щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Мыз Маринэ, Шэрэдж районым и Іэтащхьэм и япэ къудзэ Гашев Артур, а щІыналъэм егъэджэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и ІэнатІэм и пашэ Эфендиевэ Терезэ сымэ, къуажэм и нэхъыжьыдІхэр, адэ-анэхэр.

ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи абы и хьэщІэ лъапІэзкэр къызэхуэсахэм яригъэщІыхуащ школ-интернатым и унафэщІ Эристаев Абдурэхьмэн. ИужькІэ абы псалъэ иритащ Езауэ Анзор.

- «Иджырей школ» проектым къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр гъащІэм хэпщэныкІэ сэбэпышхуэ мэхъу федеральнэ, щыналъэ, щыпІэ унафэщІхэр зэдэууэ абыхэм зэрелажьэр, - жиІаащ Езауэм. - «Зыужьыныгъэм и къежьапІэ» центрхэр школакІуэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм ипэжыпІэкІэ зезыгъэузэщІ Іэмал гъуэзэджэщ. Абыхэм я фІыгъэкІэ ныбжьыщІэхэм зрагъэгъуэтырыну щІэныгъэр XXI лІэщІыгъуэм щыпсэу цІыхур Іэмалыншэу зыхуейхэм ящыщщ. Махуэ къэс зызыхъуэж дунейм, щІэ куэд къызыхьыхь ди гъащІэм ахэр щІэгъэкъуэныщхуэ къащыхуэхъунущ сабийхэм. Псори дызыщыгуфыкІ Іуэхугъуэр къызыхуэтыншэу лэжьэн папщІэ, куэд елъытащ ар зыгъэкІуэтэну егъэджакІуэхэм яхэлъ гудзакъэм. Жэуаплныгъэ зыхэзыщІэ, творческэ Іуэху зехьэкІэ зыхэлъу ахэр зэрыщытынум шэч кІыгтесхьэркъым. ІэнатІэщІэхэр угъурлы тхуэхьуну псоми сынывохъуэхъу. Зыужьныгъэм и центрхэр щІэныгъэщІэхэм я къигъэхъуапІэ ирехъу.

ШколакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, апхуэдэуи Іуэхум щыгуфыкІыу зэхуэсым къырихьэлІа псоми гуапэу екъуэхъуащ Глашев Артури.

- КуэдкІэ зыщыгугъ ІэнатІэщ нобэ гъуэгу зыгъуэтар, - къыхиГэщащ абы. - ФІагъ лъагэ зиІэ щІэныгъэ къытщІэхуэу щІэлбэм ябгъэдэлъхьа хъунымкІэ ари зы шэсыпІэщ. Иджырей технологие Іэмалхэм ешэлІа хъунущ ныбжьыщІэхэр. Угъурлы тхуэхьуну си гуапэщ.

Зэхуэсым къырихьэлІахэм зышыгъэпльыхьащ «Зыужьныныгъэм и къежьапІэ» центрым. Зыхуей-зыхуэфІ псомкІи къызыхуэтыншэу къызэгъэпэща ІэнатІэм хэт шахмэт джэгупІэри, медиа утыкури, зэпсэльапІэ-зэІущІапІэри (коворкинг) ягу ирихьащ хьэщІэхэми хэгъэрейхэми.

ГуфІэгъуэм къыхуэзгъэпэща концерт цыкІыми гукъыдэж ялэу ешІащ псоми.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Дэ къытхуатх

Анэ пэлъытэу къытхэт ди унэтІакІуэ

Махуэ къэс дызэкІуалІэ еджапІэр школакІуэхэм я нэхъыбапІэм унэ етІуанэу къыдолъытэ: аращ махуэм и Іыхьэшхуэ щыдгъакІуэр, фІыуэ тлъагъу ди ныбжьэгъухэм дащыхуэзэр, нэхъыщхьэращи, балигъ гъащІэм дызэрыхэувэн щІэныгъэмрэ дуней еплъыкІэмрэ я лъабжьэхэр щыдгъэтІылъыр. КьинэмыщІауэ, школыр унэ етІуанэу къыдэзыгъэльэтэр абы дыщезыгъаджэ, ябгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ къыддэгуашэ, зи гъэсэныгъэ дахэр щапхъэ тхуэхъу ди егъэджакІуэхэращ. Ди класым щІэсхэм анэ пэлъытэу къытхэтщ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Къэзанш (Тыгуэн) Нинэ СулътІан и пхъур. Зыпэрыт ІэнатІэм хуэфащэ дыдэщ а цІыху псэ кьабзэр.

ДЫЗЭРЫТ гъэ еджэгъуэм и кІэм курыт школыр къэзыхьнухэм сащыщщ сэ. ЕджапІэм сызэрыщІэс илъэс 11-м кьриубыдэу зыхэсщІэну сыхунэсащ сабийм и гъащІэм егъэджакІуэм щиІэ мыхьэнэр зыхуэдэр. Ар къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. ЕгъэджакІуэм сабийхэм ди пащхьэм щызэфІигъэкІ лэжьыгъэр куэд мэхъу: щІэныгъэ къыдбгъэдилъхьэным зэрепІалІэм къыдэкІуэу, ар хущІокъу хьэпІ-щэн дахэ тхэлъу дыкьыззэрыхуным, ди гупсысэкІэм, дуней еплъыкІэм зэрызрихъэжьыным, къыптпэщылъ балигъ гъащІэм екІуу дызэрыхуэвэфынми дыхуеГэзэхьэзыр. Зи гугъу сщІа псори лэжьыгъэшхуэщ, ахэр кІыхьзыхуэтыншэу зэфІэзэныхфынуи Къэзанш Нинэ хуэдэ егъэджакІуэ нэсхэрщ. Ар школакІуэхэм къытхэтщ, и къару, зэман емыблэжу, и лэжьыгъэр и щхьэ Іуэхум япэ иригъэщу.

Нинэ хэлъ хьэлыфІхэм ящыщщ абы и еджакІуэ псори зэхуэдэу фІыуэ илъагъуу, абгъэдэлъ зэфІэкІым емыплъитауэ, зэхуэдэу къызэрытхущытщр. Сабийр зэпІэзэрыту къэхъуныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ и егъэджакІуэр къызэрежьэр ищІэу, абы фІыуэ къызэрильагъур псэкІэ зыхиущІу ар школым екІуэлІэным. Дэ зыхыдощІэ ар илъэс бжыгъэ хуэдизу: ди унэтІакІуэм лъагъуныгъэу къытхуиІэм малъхъэдисым хуэдизу дыхэщІешхэ гупыр, ди зэхуаку пщІэра нэмысра дэлъу.

Иригъэжьа предметэмкІэ щІэныгъэ куу бгъэдэлъщ Нинэ. Ар нэрылъагъущ абы ди пащхьэ щит дерсхэр купщІафІэу, зыр адрейм емыщІхьу зэрыщытымкІэ. Дыззыщ, тщІэн щыдмыгъуэту е «зэ иухащэрэт» жьгІэу а дерсхэм зэи кьыщытхуихуэрэкъым. Уеблэмэ щыдгъэщІагъуэр нэхъыбэщ ди егъэджакІуэм къызыкъуих щІэныгъэ хьэлэмэтыщІэхэм я куэдагъыр. Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ ЕГЭ-хэр дымытынуми, ди егъэджакІуэм и фІыщІэщ дэ а предметхэм гупъытэшхуэ зэрахуэтщІыр. Кьапщтэмэ, сэри къызэдеджэхэм ящыщ куэди щІэх-щІэхьурэ дыхэтщ ди анэдэлъхубзэмкІэ къалэм, республикэм къыщызэрагъэпэщ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Ди егъэджакІуэр дымыгъэукІытэу утыку дыкъызэрикІыжыними дыхущІокъу. Къэзанашыр езыри сыт щыгъуи жьыджэру хэтщ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм: «Си бзэ - си псэ, си дуней», «Джэгурэш», «БэрэГущ», нэгъуэщІхэми. Хэтым и мызакъуэу, увыпІэфІхэр къыщыкъуэ, езыри дэри щІыхь, фІыщІэ тхьилъэмкІэ дагъэлъапІэу. Нинэ къыхуагъэфэща апхуэдэ тхьилъхэм яхэлъщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, Налшык къалэм егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэм, ДАХ-м, КъАХ-м, Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэм, нэгъуэщІхэми къабгъэдэкІахэр. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ Нинэ хэтщ ди республикэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджхэм я методикэ соетым.

Ди лъэпкъ дахэм и къэкІуэным хьэлэлу илъэс 20-м щІигъуауэ хуэлажьэ ди Нинэ, гудзакъэ зиІэ цІыху щыпкъэм, иригъаджэхэм анэ етІуанэ тхуэхъуам, и гъэсэн псори дохъуэхъу ЕгъэджакІуэм и махуэмкІэ. УэшІэу, и мурадхэр къеІухуПэу, зэпІалІэ и еджакІуэхэм гушхуэныгъэ къыхалъхьэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу, игъэлажьэ.

ЕРДЖЫНОКЪУЭ Анжеликэ,
11-нэ «А» классым щеджэ. Кэнжэ къуажэ

● Іуэху еплъыкІэ

Ди бзэ - ди гупсысэхэм я гъуджэ

Щалъхуа Хэкумрэ къыщалъхуа бзэмрэ зыгъэнэхьапэу, абыхэм пщІэ яхуищІрэ ирипагау псэу цІыхум зэхэщІыкІ и лъэныкъуэкІэ фІыгъуэшхуэ бгъэдэлъу жыпІэ хъунущ. ЦІыхур цІыху зэрыхъур, зыгъэлъагэр икІи зэрыпагэр ахэращ: Хэкумрэ анэдэлъхубзэмрэ. Ди тхыдэм и хъуманІэ, гупсысэхэм я гъуджэ а лъапІэныгъэр мыгъэкІуэдыжьыным, егъэфІакІуэным хуэгъэпса къызэпсапІэхэр адыгэ лъпкъым щыщу зыкъзэпльыхьэж дэтхэнэми игу илъын хуейщ. Псом хуэдэжкъым абыкІэ егъэджакІуэхэм я пщэ кьыдэхуэ къалэнхэр.

МЫ ГЪЭМ илъэс 20 мэхъури, сэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щызогъэдж Бахъсэн дэт курыт школ №94-м. А зэманым хьэрыбыдэу зэи къэхъуакъым си лэжьыгъэм сыщыпхеззэщІа, сыкьихуэха Іэщ Іагъэм сыщыхущІегъуэжа. ИджырисыныбжьыщІэуІэнатІэмсыщыпэрыуагъащІэми ноби зэхуэдэу си щІэщыгъуэщ лъпкъыкІыбзэр, литературэр щІэблэм егъэджыныр. Ди адыгэбзэм хуэдэу дахэ, шэрыуэ, уи гупсысэхэр щэщІауэ, нэсу кьызэрыпІуэтэф яхэмытыми ярейц ду-нейм щызекІуэ бзэхэм. Урысыбзэри франджьыбзэри зыщІэ сэ ззэгъэпщану Іэмал сиІэщ а бзэхэм я кьупленгъыр. Дауи, хэкупсэу сызэрыщытымрэ анэбзэм пэсщІын зэрыщымыІэмри хэлъщ Іуэхум, итІани, пэж дыдэу кьызолъытэ урыс еджагъэшхуэ Трубецкой Николай ди бзэм хужиІа псалъэ хэІэтыкІахэр: «А бзэм (адыгэбзэм) и макъ зэхэлъыкІэр апхуэдизкІэ тельыджэщ, плъыфэбэщи, жьыбгъэ фийр, пщІащэ пылъэлъыжьам и щхьэщхьыр, псы уэрым и макъыр, щІым и бзэхэІэр, псыхъуэм хэлъ мывэхэр зэрызэнтІэІур, гу кьеуэкІэм и дыдэщ, кьуалэбзум я уэрэдыр, нэгъуэщІ куэди зэхьбох абы ущыщІэдэІукІэ. Апхуэдэ макъамэ зэщІэжьыуэр кьызэрыбгурыІуэнур зыщ: адыгэхэм я бзэр нэщІысащ дунейм и кхъхъуГэ псори кьрипІуэтэну. Аращ ар кьызэрымыкІуэу зыгъэдэхэжри». Аэр ди гъэсэнхэм я пкъынэ-лъынэм зэрыхэтпщэным дыхущІокъу адыгэбзэр езыгъэджэр.

ЖЭуаплныныгъэ зыпылъ а ІэнатІэм гурэ псэкІэ дызэрыпэрытыным дыхущІокъу дэ икІи фІыуэ къыдгуроІуэ сабийр хэкупсэу, и анэдэлъхубзэм пщІэ хуищІу, ар Іурылъу къэгъэтэджныныр лъэпкъ гъэсэныгъэкІэ дызэджэ унэтІныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Абы епхауэ къетхъжьэ дэтхэнэ ди жэрдэмри къыддаІыгъщ школым и уэрэдыжьыр, егъэджэныгъэмкІэ щІэнапІэ Іуэхум щІэпІэм и Іэщ Іагъэлі Іэм. Дэри ди гъэсэнхэри сыт щыгъуи жьыджэру дыхэтщ еджапІэм, щІэнапІэм, республикэм бзэмкІэ къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм. Ди еджакІуэхэм щІэныгъэ куу, зэфІэкІ ин зэрабгъэдэлъым и щыхьэтщ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм увыпІэфІхэр къызэрыщІахьыр.

Литературэмкіэ и щІэныгъэр, зэфІэкІыр къигъэльагъуэу.

Литературэмкіэ иджырей тхылъхэм ихуащ ди зэхэтыкІэм тегъэпсыхьа, ныбжьыщІэхэр гъащІэм хуэзыгъэхьэзыр, гупсысэкъуэкІэ гъэнщІа, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зиІэ художественнэ тхыгъэ куэд. Ахэри сэбэпышхуэ мэхъу ныбжьыщІэхэм нэхъ иужьыІуэкІэ гъащІэм ящыщу хуэщхьэпэжьмэ дерсхэр абыхэм къыхахьнымкІэ.

КъытщІэхьуэ щІэблэр тэмэму гупсысэфу, иджырей гъащІэм хэзагъэу, лъэпкъ напэр яхьуэжу, цыхухэм екІуу яхэтыфу егъэсэныкІэ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ я зэфІэкІыр икъуэкІи щыта. Адыгэ усакІуэшхуэ Щоджэнц Іыкіу Алий зэрыжиІаэу, «зи бзэрэ зи лъэпкърэ зымыдэж цІыху тхъэмыщІкІэ зрехьэрэ. Апхуэдэ насыпыншэм адрей зи кхъъуГуэхэр дремыплъей!»

КХЪУЭІУФЭ Залинэ,
егъэджакІуэ, Бахъсэн къалэ

Тхыгъэр зейм теухуауэ

Кхъуэіуфэ Залинэ 2001 гъэ лъандэрэ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмкІэ егъэджакІуэу мэлажьэ. И Іэзагъымкіэ квалификацэ лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэр жыджэру хэтщ къалэ, республикэ, щыналъэ зэпеуэхэм, увыпІэфІхэри къышцекъ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Залинэ хуэхуащ «ИльэсыкІи и егъэджакІуэ нэхъыфІ» (2010, 2019), «Илъэсыкі и класс унафэщІ нэхъыфІ» (2015). Ар мызэ-мытІэу хэтащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым, япэ увыпІэхэр къыщихьащ. Егъэджэныгъэмкіэ федеральнэ къэрал мардэхэм (ФГОС) къигъэув хабзэхэм тету абы адыгэбзэмкІэ ита дерсыр хальытащ ди щІыналъэм щыІэ методикэ лэжьыгъэ нэхъыфІхэм.

Залинэ уэсэ тхьиным и зэфІэкІхэр щегъэльагъуэ. Абы и къалэмпІэм къыпыкІ тхыгъэхэр щІэх-щІэхьурэ къыхтохуэ «Адыгэ псалъэ», «Баксанский вестник», «Баксан», «Горянка» газетхэм. И лэжьыгъэфІым папщІэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм и Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, Бахъсэн щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэм, Къэбэрдей, Дунейпсо Адыгэ Хасэхэм, КъБКъУ-м, Егъэджакіуэхэм я профсоюзым, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми къабгъэдэкІ щІыпІхэр.

Залинэ унагъуэщ, къуэрэ пхъурэ иІэщ.

ЕхъулІэныгъэхэм я лъабжьэ

● Пэрытхэр

ЦІыхур зыпэрыт ІэнатІэм игури и псэри ирихьэлІэу лажьэмэ, абы дэрэжьгуэ къыхуэзыхьыр езым и закъуэкъым - я насыпкъикІауэ жыпІэ хъунущ ар зыхэт гупми, и зэфІэкІыр зрихьэлІэ дэтхэнэми. Псом хуэдэжкъым ар егъэджакІуэмэ. Абы щыгъуэм а цІыхур езым бгъэдэлъ фІыгъэхэмкІэ: псэ хуабагъэмкІэ, щІэныгъэмрэ акъылымкІэ ядогуашэ и нэІэм щІэтхэм, хэль хьэл-щэн дахэри абыхэм щапхъэ яхуохъу. Апхуэдэу, «зи ІэщІагъэм къыхуалъхуа» псалъэхэр куэдрэ зыхужаІэ лэжьакІуэщ Тэрч къалэм дэт лицей №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Іуэхъу (Тубей) Аллэ.

АллІэ куэд щІакъым ІэнатІэм къызэрыхьыхэр, арщхьэкІэ зэман кІэщІым къриубыдэу къигъэлъэгъуауэ жэуаплныгъэ зыхэлъ, зи Іэщ Іагъэр фІыуэ зыпІагъу цІыхуу зэрыщытыр. КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэр ехьулІэныгъэкІэ къэзыуха Аллэ илъэс 15 лъандэрэ щІэблэм ядолажьэ, лъэпкъыбзэмрэ литературэмкІэ щІэныгъэ ябгъэдилъхьэу, хэкупсэу игъасэу.

- Іуэхъу Аллэ ди еджапІэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм, пажэхэм ящыщщ, - жеІэ лицейм и унафэщІ Балъкъэр Людмилэ. - Абы Іуэху зехьэкІэ дахэ бгъэдэлъщ, и щІэныгъэ куумкІэ, Іэзагъымкіэ, и дерсхэм щІэлъ гупсысэмрэ купщІэмкІэ а ратин наІуэ къыщІу. Аллэ зыхуэщІэкъуэ и къалэныр: а ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм и къэгъэльагъуэ, ахэр щІэныгъэ ябгъэдилъхьэу, Іуэхум творческэу бгъэдыхьэ егъэджакІуэ гумызагъэм и лэжьыгъэ псом лъабжьэ хуищІыр цІыкІуэм я гупсысэкІэм, я бзэм зегъэужьныкъуэ, абыхэм езыхэм я Іуэху еплъыкІэ яІэжу я къэзыгъэджыныкъуэ. Аллэ зыхуэщІэкъуэр и къэзыгъэджыныкъуэ, ар ныбжьыщІэх

● Шхыныгъуэхэр

Май форэ бжэныщэрэ

Бжэныщэ гъэвэжар шыуаным ираЛъхьэ, хьэкум трагъэувэри, зэлащІэурэ ягъэткІу. ЗэрызэлащІэм хуэдэурэ абы халъхьэ фо, мафІэр ирашэхри, зэхэшыспсыхьыху трагъэт, итІанэ хьэкум кьытрахьжри, зэлащІэурэ ягъэупщІыу и хуабагъэр градус 40 - 50-м нэсыху. Шыкакъ гъущэм ираКІэри, щыІаПІэ-кІыфІыпІэм ягъэув и щхьэр тепІауэ. Абы щыщ къыхахьыурэ шэ тъэпщтам традзэ икІи шха нэужь ар трафыхьыж. Зы стэкан из шэм щэуэ грамми 5 традзэ. Мы шхыныгъуэ-хущхъуэгъуэр сэбэн яхуохьу Іупс бзаджэ, тэмакъ, кІуэцІ уз зиІэхэм. ХущхъуэгъуэрэзэрыхьлІэхэм пщтыр, щыІэ дыдэ ирафи яшхи хъунукъым.

ХалъхьэхэР:
Бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 1000
Май фоуэ - грамм 1000.

Тхьэв и гъусэу гъэва джэдыщІэ

Джэд гъэкъэбзар псы щыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэгъущ, зэпкърах, шыуан лъащІабгъуэм ираЛъхьэ, псы щыІэ тІэкІу щаКІэ, шыгъу тракІутэ, тхьэв ягъэхьэзырар лым и щІыІум сатыру тралъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, зэ къытрагъэхьуаПъэ. ИтІанэ мафІэ ЦыкІум тету лыри тхьэврИ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 25-кІэ, ягъавэ. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, тхьэв вар тепщэчым ираЛъхьэ, абы лыр тралъхьэ, зыхэвыкІа лэпсым щыщ тракІэк. Пщтыру яшх.

Тхьэвыр зэращІыр: Гъэдз хъжыгъэ ухуэнщІам и кур кумб ящІ, абы шыгу, джэдыкІэ хэлъу псы щыІэ ираКІэри фІыуэ ящ. Нэхъ щабэ хъун щхьэкІэ ар хъыдан тепхъуауэ дакъикъэ 20 - 25-кІэ щагъэт. Хьэзыр хъуа тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Іэнэм тралъхьэри, и Іуваг ыр мм 2, и кІыхьагъыр см 55-рэ, и бгъуагъыр см 30 хъуэу хупхъэкІэ яху. Абы и щыІум тхъу щхъуэ, бжьын цІынэ, къуэнтхъурей упщІэта, шыбжий сыр плъыжь, джэдгын, бурш хьэжа тракІутэ. ИтІанэ тхьэвыр жэрумэм хуэдэу яшыхь мыгъум дыдэу, и кІапэр джэдыкІэпскІэ зэтрагъэпщІэж, и кІыхьагъыр см 2, и хьэлъагъыр г 20 - 25-рэ хъуэу сэкІэ зэпаупщІ.

ХалъхьэхэР (цІыхухтху Іыхьэ):
Джэдыл - грамм 500
Псы щыІэу - грамм 230-рэ
Гъэдз хъжыгъэу - грамм 350-рэ
Тхъуэ - грамм 50
Псыуэ - грамми 120-рэ
Джэдыкіэу - 1

Бжьын цІынэу, къуэнтхъурейуэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - уэзыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГъэщІэгъуэнщ

ЦІыхум и нэхэр хэхъуэркъым

◆ВымпІухэм я щхьэр ямыгъэсысу къахуэкІухьыркъым.
◆ЦІыхур щыпырухькІэ пщІыхь илъагъуркъым.
◆Псы пщтырыр нэхъ хьэлъэщ псы щыІэм нэхърэ.
◆Айсберг мыиным и хьэлъагъыр тонн мелун 20-м щІегъу.
◆Лимоным фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ мэракІуэм нэхърэ.
◆Креветкэхэм я гур я щхьэм илъщ.
◆Блэм и фэр щызыпридзым деж и нэхэр нэф мэхъу.
◆Аслъэным и цым и закъуэкъым къуэлэныр, атІэ и фэри къуэлэнщ.
◆Джеймс и гур зы дакъикъэм 9 къуеэу аращ.
◆ХъумпІэщІэджкэр зэи жейркъым.
◆Гепардым зы сыхьэтым километри 130-рэ ежьф.
◆ЦІыхум и нэхэр хэхъуэркъым.
◆Дунейм пыл зэмылІэужьыгъуэу 10 тетщ.
◆Бэджым нэ 16 иІэщ.

● Гъуазджэ

ЦІыхухэм фІыуэ ялъагъу уэрэджыІакІуэ Лель Катя Налшык щыщщ, и унэцІэ дыдэр Чупрининэщ. Ар КъБР-м и цІыхубэ артисткэщ. *Сурэтыр* **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

● Псалъэжьхэр

Фэ зытетым гу кІуэцІылъщ

●Зэкъуэш псори зы анэм кьилъхуркъым.
●УнагъащІэ хьэщІэ-хуэфІщ.
●ЦІыхубэ зыщІэмыс унэр сабафэщ.
●Шыгъу пут зэдумышхыу уэзрыщІэркъым.
●УкІытэр и нэгу щІэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ.
●Фэ зытетым гу кІуэцІылъщ.
●Хуабэ хъумэ, мэдыд, щІыІэ хъумэ, мэдий.
●ЩІалэм къижьыхьмэ, ліыжьым и лъэдийр мэуз.
●ЩІыр бжьэкІэ епщи, къыпыщым тоувэ.
●Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.
●Быныр нэм и хъуахуэщ.
●Бысым гуащэщІэ хьэщІэ и щІасэщ.
●Дыщ мэжаджэ Іэфіщ.
●Джанэ нэхърэ гъуэнщэдж нэхъ благъэщ.
●Зэдэшхэ Іэфіщи, зэдэфІ унэщ.
●Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.
●Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи анэрэ уи нитІрэщ.
●Къурум шыр имыІэмэ, зы бзущ.
●Къуажэ дэз Іыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.

● Чэнджэщхэр

Хэт бампІэм ихьыжыр?

●Мыхъумыщ!агъэр зи нэрыгъым и гъащІэр кІэщІщ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

●ФІыщІэ зыхуэфащэр цІыхум Іейуэ хэлъыр зыгъэмащІэу фІыуэ хэлъыр зыгъэбагъуэрщ.
●Хьэ пэтрэ, щыбгъэкІмэ, хэплъыхь ещІ.
●ЦІыху зи жагъуэ къулейсыщ.
●ЩхьэщытхъУм и пщІэр жыжьэ нэсырхъым.
●ЩІэщыгъуэр гуакІуэщ, щІэщыгъуэр Іэфіщ.
●Лъэужь дахэ дунейм къытебнэмэ, цІыхум уи цІэр ягъэлъэпІэнщ.
●НэгъуэщІым бампІэ тезыльхъэр езыр бампІэм екьыж.

● Гушы Іэхэр

Дохутыр дыхуей хъумэ-щэ?

ЛІым и щхьэгъусэр сымаджэ къэхъури сымаджэщым ишащ.

Бжэ щІыхьэпІэм деж щыт бзылъхугъэр къоупщІ:

- Паспорт, тхылъымпІэ фызыхуеинухэр фІыгъ:
- НтІэ.
- ТепІэнщІэлъын къызздэфщта?
- НтІэ.
- Сымаджэр зытелъын щхьэнтэ къэфхьа?
- НтІэ.
- Хущхъуэр зэрыхагъэлъэдэн системэ къэфщэхуа?
- НтІэ.
- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?
- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысІэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лІым.

Нэхъыбэ мэхъу

Тыкуэнтетымрэ щэхуакІуэмрэ зопсалъэ:

Тыкуэнтетым: Сом щитІ хуозэ мы къэпщэхум...

Щэхуакіуэм: Дауэ? Тумэнипщіщ и уасэу тетыр...

Тыкуэнтетым: Пэжщ, аращ тетыр, ауэ сом щитІ хуозэ.

Щэхуакіуэм: Хъунщ-тІэ... мэ...

Тыкуэнтетым: Мыр тумэнипщІ хъууэ аращ.

Щэхуакіуэм: Пэжщ, сомищэщ тетыр, ауэ сом щитІ мэхъу.

- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?
- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысІэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лІым.

Нэхъыбэ мэхъу

Тыкуэнтетымрэ щэхуакІуэмрэ зопсалъэ:

Тыкуэнтетым: Сом щитІ хуозэ мы къэпщэхум...

Щэхуакіуэм: Дауэ? Тумэнипщіщ и уасэу тетыр...

Тыкуэнтетым: Пэжщ, аращ тетыр, ауэ сом щитІ хуозэ.

Щэхуакіуэм: Хъунщ-тІэ... мэ...

Тыкуэнтетым: Мыр тумэнипщІ хъууэ аращ.

Щэхуакіуэм: Пэжщ, сомищэщ тетыр, ауэ сом щитІ мэхъу.

● Хъыбар

Къызэрысшар

Сэ армэм сыкъызэрикІыжри ди колхозым шофёру сыщолажьэ. Иджы, щІымахуэр къызэрихьэрэ, Алмэстыкъуэ дэт ди фермэм жэмІус изошалІэ.

Сэ зэи зыщІезгъэх си хабзэкъым. Нэхъыфіу сыгъэльэху, си гур нэхъ хохъуэ. Аращ си хьэлыр. Ауэ, бэлыхьышхуэракъэ, си Іыхьлыхэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ лэжьапІэ къызатыркъым, псэхупІэ къызатыркъым. Ахэр машинэ щхьэкІэ къызэлъэІуурэ си щхьэр ягъэуэзу фи мыгугъэ! ХьаІэ, хьаІэ! «Къашэ, Мурид!» - жаІэри къурагъыр къызэупсеящи, сагъэпсэуркъым.

Ауэ хэт къэзбгъэшэнур? ИгъащІэм зы хъыджэбз сыдэгушыІакъым.

Егъэлеяуэ сыуКІытэхщи, хъыджэбз зэрыслъагъуу си бзэр еубыд. Насып сиІэмэ, фІыуэ слъагъу хъыджэбзым си гум илъыр кьищІэнщ. Сыапхуэдэ цІыхущ сэ.

Си щхьэ хьэрычэт хуэзмыщІэжьфыну шэч щащІым, си Іыхьлыхэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ я джатэр къыскухарыпащ, «Мы насыпкъэмыгъэкІуэжь мыгъуэм зыгуэр хуэзІудзын хуейщ!» - жаІэри си ужь кьихьэпащ.

Мис арыххэщи, еуэ зэ зы хъыджэбз къысхущІах, зэ етІуанэ хъыджэбзыр кьыскукъуагъэплъ. КІуэаракъэ, чэзу-чэзуКІэрэ зи цІэ къыскухарМыІуа хъыджэбз мы ди жылэ кІыхьым щІагъуэ къыдэнэжакъым.

- Охьо, Мурид, сэ уэ зы хъыджэбз къыпхуэзгъуэтащІ!.. Тхьэ соІуэ, абы нэхъ дахэрэ нэхъ адэ-анэФІ зиІэрэ мы ди къуажэ кІыхьым дэмыс! Нэкуращ жьхуэсІэр!.. Дауэ къыпщыхъурэ! - жи зым.

- Хьэуэ, хьэуэ! Ар хъунукъым, - къыпещэ етІуанэм. - Нэкурэ тІэкІу ягъэсэхъуІуащ. Кьишэнумэ, Налжан къресё! Езыр дохутырщ, и теплъэрщи...

- Сыт мыбы Налжан жьхуиІэр, на-а? - жи ещанэм. - А зи гугъу пщІым и Іэбжьанэ пылькІахэр игъэтІейуэ уэрамым дэтын фІэкІа къыпхуищІэн мы дунейм теткъым. Алыхь, а псом я адэм и уасэм сэ къыпхуэзгъуэтар! Тхьэ дыдэ, пэжым!.. Ар сытым хуэдэу хъыджэбз кьулей! Тхьэ дыдэ, Нафисэт къапшэмэ, Алыхьым уи унащхьэр дыщэкІэ кьибгъамэ!..

Хэт сыт жиІэми, си щхьэр согъэкІэрахъуэ. Сэ зыми жэуап естыркъым.

Абы иужькІэ сэ зыми си гугъу къимыщІыжьну си гугъащ. Арщхьэкіэ дэнэ щыскІэрыкІынт!.. «Къашэ! Ухуеймэ хэти кьашэ, ауэ къыумышауэ дыпкІэрыкІынукъым!..».

НтІэ, арати, си Іыхьлыхэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ, щІэрыщІэжу къыщІадзэкри, нэгъуэщІ къуажэхэм щысхуэлъыхъуащ. Уеблэмэ, си зы ныбжьэгъу гуэрым Налшык дэс и щыкъу хъыджэбзыр кьыскухщІихащ. Арщхьэкіэ, аргуэрыжьти, сэ зыми сыкъыхутечакъым. Щымыхъужьыххэм, псори ешщ, елІэри скІэрылъэлъыжащ. Ди адэми ар кьыщищІэм: «И гугъу фымыщІ! Тхьэр игъэпцІакъэ, ТІэІибыжь мыгъуэм нэхъей, и дунейр фызкъэмышэу имыхьмэ!» - жиІэри кьысхуэхъущІащ. Сэри: «СыТІэІибыжь мыгуэмми, сыт сщІэжьын?» - жысІэри сежьэжащ.

Апхуэдэу екІуэкІыурэ пщыхьэщхьэ гуэрым жэмІус сшэри Алмэстыкъуэ сыкІуащ. Си машинэр яунэщІауэ кабинэм сыкъыщитІысхьэжым, зыгуэр къызэгуоуащ:

- Ей, Мурид! Сыкъыумыгъанэ, сэри сынэкІуэжынущ!

Сыплъэмэ - ди колхозым и жэмыш пашэ Дахэлинэ кьожэ. Бжэр Іусхущ, къизгъэтІысхьэри, сыкъежьэжащ.

ТІури щыму дыкъокІуэ. Сэ зыгуэр жысІэн соукІытэ. Дахэлини, сэ схуэдзу зы укІытэх гуэрщи, ахъи-быхъи жиІэркъым.

- Узхухуху! - Дахэлинэ къызоплъ, мэщатэ.

- Узхьхьхь! - сэри сощатэ. - Щхьэ апхуэдизу ущатэрэ, Дахэлинэ?

- Гукъеуэ сиІэщ!... Уэр-щэ? Уэ щхьэ ущатэрэ, Мурид?

- Сыапхуэдабзэщ! Сэри гукъеуэшхуэ сиІэщ.

ТІуми абы кьыфІэдгъэкІыркъым. Хэт сыт хуэдэ гукъеуэ иІэми дызэупщІыжыркъым.

ДыкъакІуэм-дыкъакІуэурэ, къуажэм дыкъэблэгъэжауэ нэхъ сытогушхуэ, си гур нэхъ къызэрогъуэтэжри, Дахэлинэ соупщІ:

- Дахэлинэ, ди деж усшэн?

- Ар дауэ, Мурид? «СынэкІуэжынущ!» - жыхуэсІар кьыбгурыІуатэкъэ? - Дахэлинэ емыкІу сыкъещІ.

Апхуэдэ угъурлыгъэ зи жьэм кьыжьэдэкІа хъыджэбзыр кьэбгъэнэж хъунт?! Дахэлинэ ди деж сшащ.

Хэт и гугъэнт си къэшэныр Алмэстыкъуэ дэсу! Си гугъакъым!

ДУДАР Хьэутий.

● Сабий джэгукІэхэр

Топзэрыж

ДжэгукІэ гугъуэкъым. Джэгур щІалэ цыкІуэхэщ. Нэхъыщ!эхэри (илъэсиблбгъу) нэхъыжьыІуэхэри (илъэс пщыкІухпщыкІубл) зэхэту мэджжэгу. Джэгухэр дапщэ хъуми, тІурытІу кьызэролэм. Псоми баш зырыз яІыгъщ. Хьэшакъ фІэтмэ, нэхьыфІщ. Гуп къэс пхъэ топ зырызи яІэщ.

Губгъуэ джафэм (удзыпцІэми хъунущ, ауэ удз имытмэ, нэхъ псынщІэу щокІуэкІ) джэгухэр псори сатыритІу щоуВыкІ. ГупитІым я зэхуаку пъэбакъуибгъупщІы дэлъщ, зы гупым хэтхэр пъэбакъуэ 20 - 25-кІэ зэпэжьыжьэщ. Сатырхэм нэхъыщІэ цІыкІуэхэр япэ ирагъэувэ. Япэ дыдэ ититІым пхъэ топхэр ират. Ахэр щІым ягъэтІылъ, зэрырахужьэным хуэдэу загъэхьэзырауэ.

Сатырхэм я ужь дыдэ итыр тхьэмадитІыпэ. Абы языр ину мэкІий: «Топ... зэрыж», - жеІэри. Ар зэрызэхахыу пхъэ топхэм бгъэдэт щІалэ цІыкІуитІым топхэр ирахужьэ, я гъунэгъум нэс яхуу абы иратыну. Зратам адэкІэ пащэ. Апхуэдэхэхэурэ тхьэмадитІым я деж носкэр. Тхьэмадэхэм топхэр ирахужьэри, зэраухылІауэ тур зытращІа щІыпІэм нэс яху.

Топзэрыж щыджэгукІэ, зыгуэр ину еуэу и гъунэгъум блихуу адэет кьыкІэлъыкІуэм ирит хъунукъым. Абы апхуэдэу блихуамэ, топым лъэщІыхьэу езым кьригъэгъэззэжу зи чэзууэ щытам деж кьихужьи хуейщ. ИтІанэщ мыдрейм щыпищэнур. Ауэ хуит ящІ зи чэзур тІэкІу кьикІуэту топыр къэзыхум нэхъ пасэу кьыІихыну.

Ижь дыдэу топыр зыгъэысыр тхьэмадэхэщ. Мис ахэр хуитщ зэрафІэщкІэ топыр щІахэуэ, зэрауихьІа турым ар яхунэгъэсмэ, нагъэсыну. Ауэ абы щыгъуэми езыхэр Іэмал имыІэу жэрыгъэкІэ а турым нэсын хуейщ. Къытежу япэ нэсым и гупыр текІуэу аращ.

Турыр гупитІым я дежкІи зыщ. ЗэрызэгурыІуа лъэбакъуэ бжьгъэм щІигъуу зыгуэрым и топыр лъеямэ, ар хэткъым. Абы щыгъуэ тхьэмадэр а топым кІэлъыжэу турым дежкІэ къеуэжын хуейщ. А псоми зэман тоущэди, дауи, адрей гупым я тхьэмадэр кьыкІэрыхуами, япэ ищыжыныр бетэмалщ.

МАФІЭЗДЭ Сэрэбий.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: 1. ЩІыпІэ пхыдза. 3. КъурІэн цІыкІу. 7. Бжьыхь яхуам е матэм и щхьэм трахуэж сатыр. 8. ИлъэсыщІэм ипэ кьихуэху сабийхэм папщІэ унэм щІагъэувэ жыг. 9. Бгит! зэхуаку. 10. МафІэс ин. 13. ... хьэзыр щхьэкІэ, бысымыр хьэзыр? 14. Гъыринэ. 17. Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. 18. Шатэм е тхъуцІынэ гъэвэжам и дагъэ. 19. ПІастапхъэ. 20. ПщыхьэщІэ Мухьэжыр, Бырмамыт! Гуащэкъарэ, Къудзэ Іэбубэчыр, Сэхъу Хьэсэн сымэ я Іэщ!агъэр. 23. Ди гъунэгъум ... дыгъэ къахэхъуаду. 24. Набдзэ ... 28. ЦІыхупІэ, псы Іуфэ лъагэ. 30. Хъэпщупщ шынагъуэ. 31. Бжэлульэ. 32. Сталиным и унэцІэ дыдэр. 33. Ахъшэ. 31. Кьалэ, псыежэх.

Къехьу: 1. Пхъэм кьыхэщІыкІа бжэмышх цІыкІу. 2. Іэщ кьалъхуагъащІэ. 4. «Насып мыухыр си гуращэр ... и гъуэгум щыхуэмей, псэуну гъащІэ зыхуэфащэр мыувыІэу кІуэхэр аркъудейщ» - КІыщокъуэ Алим и усэ цІэрыІуэм щыщщ. 5. Іуэхур зэфІэгъэкІа хъунымкІэ ущиниыгъэ. 6. Уи дзэр быдэмэ, а пхъэщхьэмыщхьэм упалъэщынущ. 11. ЛъакъуэмищІ лъэужь. 12. Зэпыту ирикІуэ бгым и щыгу. 13. Хугу, нартыху гуа е прунэк, макарон хуэдэкэ хэлъу ягъавэ шхьыгъэщ. 15. ... щхьэхьанэ напэмытхъэщІу гъунэгъум макІуэ. 16. А хьэкъущыкъумкІэ ШыкъумцІий уд фызыжьыр псыхьэ игъакІуэри, и гъусэ сабийхэр кьригъэлащ. 21. Псым ихьыр абы йопхъуэ. 22. Зиусхэн лъэпкъ. 25. ИхьумэнУ, кІэлъыплъыну зыгуэрым пІалъэкІэ кьыхуагъэна. 26. Баринэ дахэу кьэкІ, си пхъафэр фІыцІафэ жыг - шыкІэпшынэ кьыхащІыкІыу. 27. ... уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым. 29. Лажьэ хъати симыІэу, си гъунэгъум ... кьызищІэкІащ. 31. Сэхуран куп!щэм кьыхэщІыкІа Іэфіыкіэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Фокіадэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 3. ЦІэрыІуэ. 5. Адэмыгу. 8. Мэш. 9. Хуэмыху. 11. Афэ. 12. Пщы. 13. Къуий. 15. Бжы. 17. АкІэ. 21. Къиин. 22. Альтес. 23. Журт. 24. Уэм. 25. Кумб. 26. Анэ. 31. Имыс. 32. Дэлэн. 33. Хъурмэ. 34. Блэ. 35. Бру. 36. Бжьэ. 37. Гъунэ. 41. Нып. 42. Дурэш. 44. Дыжь. 45. Каринэ. 46. Хьэлыуэ.

Къехьу: 1. Гурышэ. 2. Амман. 3. ЦІамыщкъий. 4. Іуэху. 6. Дыху. 7. ГурэпкІырэ. 10. Мы. 14. Инал. 16. Жасы. 18. Къундэпсо. 19. Щтамылэ. 20. Бжэныхъуэ. 27. Смоленск. 28. Хъудыр. 29. Кьуныжь. 30. Емынэжьрэ. 38. Спорт. 39. Хур. 40. АдрыщІ. 42. Дин. 43. Шхуэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ! Иэ**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ!апІэхэм ядолжьэныМкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыдэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ!апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдоКІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Мариндж,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3, 5-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.990 ● Заказ №2058